**Халықты дизимге алыў : тарийх ҳәм бүгин**

2023-жылда Өзбекстан Республикасында халықты дизимге алыў иләжы өткериледи. Тарийхый дереклерден бизге мәлим, халықты дәслепки дизимге алыў әйемги Греция, Вавилон, Месопотамия, Рим, Қитай, Япония ҳәм Египетте өткерилген. Буннан тийкарғы мақсет адамлардан салық жыйнаў ҳәм де әскерий хызмет ушын олардың санын анықлаў болған. Сол себептен дизимге алыўда тийкарынан ер адамлар итибар қаратылған.

Халықты ең биринши рәсмий дизимге алыў 1790 жылда АҚШда, кейинирек 1800 жылда Шветсия ҳәм Финляндияда, 1801 йилда Англия, Дания, Норвегия ҳәм Францияда өткерилген. Бирақ бул халық дизимлери жүдә әпиўайы формада ҳәм де узақ мүддетке созылған. Мысалы, АҚШда дәслепки халықты дизимге алыў жумыслары 18 ай даўамында алып барылған.

XIX-әсирге келип, халықты дизимге алыў илажының көлеми жүдә кеңейди. Қатар Европа мәмлекетлеринде статистика шөлкемлери дүзилди. Халықты дизимге алыў илимий дәстүрлер тийкарында алып барылыўы жолға қойылды. Атап айтқанда, 1870-1879 жылларда дүняның 48, 1890 жылларда болса 57 мәмлекетинде халық дизими өткерилген. XIX-әсир ақырында дүня халқының 21% дизимге алынған болса, XX-әсир басында 54% халық дизимнен өткерилген.

Екинши жәҳән урысынан кейин, халықты дизимге алыў системасы және де жетилистирилди. 1945-1954 жылларда 151 мәмлекетте, 1965-1974-жылларда 179 мәмлекетте халықтың дизимин алыў илажы өткерилген. Ҳәзирги ўақытта, дүнядағы дерлик барлық мәмлекетлерде халықты дизимге алыў жумыслары алып барылмақта.

Дереклерде келтириўине қарағанда, Өзбекстан аймағында дәслепки халық дизими 1897 жылда Түркистан генерал-губернаторлығы тәрепинен өткерилген. Бундағы мағлыўматлар XIX-әсир ақырында Өзбекстанда әмелдеги шаңарақлар (ҳәм халық ) саны, жасы ҳәм жынсы, этник қурамы, туўылыў, өлим сыяқлы демографик процесслер ҳаққында қыял пайда етиўге жәрдем берген. Өзбекстан аймағында кейинирек 1926, 1939, 1959, 1970, 1979 ҳәм 1989 жылларда халықты дизимге алыў жумыслары өткерилген.

Көплеген мәмлекетлерде халықты дизимге алыў нызам менен тәртипке салынған. Мысалы, Уллы Британияда 1920 жылда «Қоспа короллығылықта халықты дизимге алыў туўрысында«ги нызамы қабыл етилген. Усы нызамда халықты дизимге алыўдың барлық қағыйдалары, пуқаралар, үй

хожалықлары, кәрханалар ҳәм мәкемелердиң қайсы тайпалары дизимге алыныўы, халықты дизимге алыўды ким өткезиўи, сораў беталари қандай болыўы кереклиги белгилеп қойылған.

Буннан тысқары, халықты дизимге алатуғын есапшыларды жаллаў, олардың хызмет ўазыйпалары ҳәм де халықты дизимге алыў қағыйдалары көрсетилген. Уллы Британияда ҳәр халықты дизимге алыўдан (Уллы Британияда ҳәр он жылда бир мәрте халық дизимге алынады) шама менен бир жыл алдын буған тийисли бөлек нызам ҳүжжети қабыл етиледи, бунда, әлбетте, 1920 йилги нызам ҳүжжетине силтеме етиледи.

АҚШда халықты дизимге алыў жумыслары зәрүрли улыўма мәмлекетлик әҳмиетине ийе илаж ретинде қаралады. Ол жағдайда барлық халықтың қатнасыўы Америка демократиясы әмел етиўиниң зәрүр шәрти, деп баҳаланады. Польшада халықты дизимге алыў узақ тарийхга ийе. Бул жерде усы илаж Европада дәслепки мәрте 1764 жылда өткерилген. Мәмлекетте ҳәр 10 жылдан халық қайта дизимнен өтеди. «Халық дизими туўрысында»ғы нызамына муўапық, Полшаның ҳәр бир пуқарасы дизимге алыў процессинде усыныс етилетуғын сораўнама сораўларына толық ҳәм шын жуўап бериўи шәрт. Сыпатлама бериўден бас тартыў ҳуқықый тәсир көрилиўине себеп болады.

Келесиде Өзбекстанда да 10 жылда кеминде бир мәрте халықты дизимге алыў өткериледи. Нызамға көре дизимге алыў пүткил Өзбекстан ямаса арнаўлы бир аймақлар бойынша өткерилип, демографик саны ҳәм халықтың социал-економикалық характеристикасын анықлаўға қаратылған жеке мағлыўматларды жыйнаў ҳәм оларды қайта ислеў тәртиплерин белгилейди. Бул зәрүрли ҳүжжетке көре, дизимге алыўдың тийкарғы мақсети — Өзбекстанда халық қурамының жағдайы ҳәм раўажланыў динамикасы ҳаққында мәмлекетти социал-економикалық және социал-сиясий раўажландырыў саласындағы мәмлекет сиясатының үстин туратуғын бағдарларын белгилеў ҳәм әмелге асырыў ушын зәрүр болған исенимли ҳәм қалыс информацияны алыўдан ибарат болып есапланади.

Нызамда, соның менен бирге, халықты дизимге алыў саласында мәмлекет шөлкемлери кепилликлери, респондент ҳәм дизимге алыўшы хызметкерлердиң ҳуқық ҳәм миннетлемелери де тәртипке салынған. Халықты дизимге алыў программасы жасы, миллети, тил билиўи, мағлыўматы, жасаў шараятлары, жасаў ушын дәрамат дәреклери ҳәм басқа

мәселелерди өз ишине алады. Сораў мәмлекет тилинде алып барылады. Мәмлекет тилин билмеген респондентлер өз ана тиллеринде ямаса басқа еркин сайланған тилинде сораўнамада қатнасыўлары мүмкин. Дизимге алыў бойынша жуўмақлаўшы мағлыўматлар юридикалық ҳәм физикалық шахслар ушын ашық болады ҳәм де ғалаба хабар қуралларында дағаза етилип, Мәмлекет статистика комитети рәсмий сайтына жайластырылады.

**Исламбек Нажимов**
**Қарақалпақстан Республикасы**
**Статистика басқармасы Дизимге алыў жумысларын**
**шөлкемлестириў ҳәм өткериў бөлими баслығы**